



Pou Piblikasyon Imedya: 01/02/2017

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE KANPAY POU FÈ SANSIBILIZASYON SOU ABI NAN RELASYON RENMEN ADOLESAN**

*Gouvènman an Emèt Pwoklamasyon ki Deziyen Fevriye kòm Mwa Sansibilizasyon ak Prevansyon sou Vyolans nan Relasyon Renmen Adolesan nan New York*

*Kanpay Piplisite sou Entènèt “Kontwòl Se Pa Lanmou” (“Control Isn’t Love”) an Kòmmanse sou Sit Entènèt Rezo Sosyo yo Jodi a pou Edike Adolesan ak Adilt sou ki Kote pou yo Chèche Èd*

*Pou Èd ak Enfòmasyon, Nouyokè yo Ka Kontakte Liy Ijans Gratis pou Vyolans Domestik ak Vyolans Seksyèl Eta a (State’s Domestic and Sexual Violence Toll-Free Hotline) nan 1-800-942-6906*

Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse lansman kanpay piblisite sou rezo sosyal “Kontwòl Se pa Lanmou” an, pou edike adolesan ak adilt yo konsènan siy abi nan relasyon renmen adolesan e ki kote pou yo chèche èd. Kanpay sou entènèt la ap sible piblik ki pi jèn ak paran yo atravè anons sou Instagram ak Facebook k ap pibliye pandan tout mwa fevriye a, ke Eta New York make kòm Mwa Sansibilizasyon ak Prevansyon Vyolans nan Relasyon Adolesan chak ane.

**Gouvènè Cuomo te deklare:** “Avèk kanpay sa, n ap franchi yon etap enpòtan pou atenn adolesan ak jèn adilt pou edike yo epi reprime abi nan relesyon renmen yo. Lè n ouvri kominikasyon ant paran ak pitit yo, nou vle ankouraje diskisyon ki serye ak desizyon ki entelijan tou pou ede lòt ki nan bezwen.”

Anons sou rezo sosyal la prezante ikòn bonbon an kè nan konvèsasyon, men mesaj yo ap kontwòle epi avili pawòl tankou – Kreten, Pa Mete Sa, Reponn Mwen ak lòt ankò – pou reprezante yon fòm abi nan relasyon adolesan ki komen. Piblisite yo ap gen mak #controlisntlove (#kontwòlsepalanmou) e y ap lye ak yon [sit entènèt](#) ki fèk konsevwa ki detaye enfòmasyon ak resous, ki enkli Liy Ijans pou Vyolans Domestik ak Vyolans Seksyèl eta a nan 1-800-942-6906. Liy ijans gratis la bay èd ak enfòmasyon 24 è pa jou an Anglè, Espanyòl ak lòt lang, e moun ki soud oubyen di pou tande yo ka rele 711.

Ofisyèl Eta ak defansè viktim yo te mete aksan sou kanpay lan pandan yon vizit nan Troy High School nan Konte Rensselaer maten an. Anons sou [Instagram ak Facebook yo](#) kòmanse jodi a epi y ap pase pandan wikenn nan ak mwa a atravè eta a sof nan Vil New York.

Gouvènè a te emèt yon [pwoklamasyon](#) tou ki deziyen Fevriye kòm Mwa Sansibilite ak Prevansyon kont Vyolans nan Relasyon Renmen Adolesan nan Eta New York; yo rekonèt mwa a tou nan nivo nasyonal.

**Gwen Wright, Direktè Egzekitif Biwo Eta a pou Prevansyon Vyolans Domestik (State Office for the Prevention of Domestic Violence, OPDV), te deklare:** “Nou konnen vyolans nan relasyon ka kòmanse bonè, pliske jèn moun yo ap kòmanse fè eksperyans relasyon womantik. Ou souvan konfonn Konpòtman kontwòl tankou egzije “verifikasyon” oswa konnen ki kote ou prale oubyen ak kimoun ou ye tout tan, pou angajman oubyen lanmou. Kanpay sa vize pou souliye kalite mesaj ki ta dwe konsidere kòm siyal epi ofri resous pou èd ak plis enfòmasyon.”

Nan Troy High School, elèv ki nan klèb We As Voices and Educators (WAVE) (Nou menm Antanke Vwa ak Edikatè) yo ak lòt adolesan te ekri mesaj sipò sou konvèsasyon pape an kè pou site ide negatif ki prezante nan kanpay la ak yon “estand foto” nan lekòl la. Adolesan yo fè yon fraz ki prezante nan kè yo, “M ap chanje mesaj la lè mwen ...,” poze pou fè foto ak foto sen valanten vityèl nan estand lan epi poste yo sou rezo sosyal ki itilize etikèt hashtag #controlisntlove ak ikòn [@NYSOPDV](#) lan.

Nou ankouraje Nouyokè tout laj pou patisipe nan kanpay la epi ogmante sansibilizasyon nan kominote yo:

- Voye yon mesaj [sen valanten vityèl](#) ki eksplike kijan y ap chanje mesaj la epi fè pwomosyon relasyon ki sen. Foto kè enstantane – oswa fè sèlfi avèk yo – epi pataje yo sou rezo sosyal lè w itilize ikòn #controlisntlove ak [@NYSOPDV](#) pandan tout mwa fevriye a.
- Gen [Postè](#) ki disponib tou pou lekòl, òganizasyon kominotè ak lòt òganizasyon ka simaye pawòl la.

Manm Klèb WAVE yo angaje pou chanjman sosyal, espesyalman nan domèn pou kanpe vyolans kont fanm, ti fi ak moun LGBTQ yo api konbat seksism ki afekte ni gason ni fi. Klèb la ak konseye li, Konseye pou Asistans Elèv, Bruce Margolis, ap travay ak Unity House, pou devlope jèn timoun an lidè ki ka defann epi edike lòt moun konsènan pwoblèm sa yo. Unity House ([www.unityhousesny.org](http://www.unityhousesny.org)) sèvi viktim vyolans domestik yo e li dirije yonabri eta a otorize tou; li se youn nan 223 pwogram asistans pou viktim tou ki finanse pa Biwo Sèvis pou Viktim Eta a (State Office of Victim Services).

**Direktè Biwo Sèvis pou Viktim Eta la, Elizabeth Cronin te deklare,** “Pifò viktim vyolans relasyon adolesan yo se ti fi ki gen ant 16 a 24, ak kèk rapò vyolans domestik

sou timoun yo te abize tou jèn nan laj 11 an. Estatistik siprenan sa souliye ke vyolans nan relasyon adolesan se yon pwoblèm serye. Ajans mwen an kanpe ak Biwo pou Prevansyon Vyolans Domestik la epi sipòte efò li pou edike adolesan, pwofesè ak piblik la ke adolesan yo merite relasyon ki sen e si yo retwouve yo nan relasyon ki vyolan, gen èd ki disponib e yo pa pou kont yo.”

### **Enfòmasyon sou Biwo Eta New York pou Prevansyon Vyolans Domestik**

Biwo Eta New York pou Prevansyon Vyolans Domestik la ([www.opdv.ny.gov](http://www.opdv.ny.gov)) responsab pou amelyore repons eta ak kominote lokal yo a vyolans domestik. OPDV ofri konsèy bay pèsonèl Egzekitif sou politik ak lejislasyon; anime aktivite sansibilizasyon nan tout kominote yo epi fòme pwofesyonèl sou kijan pou rezoud vyolans nan kay nan yon pakèt domèn, tankou pwoteksyon timoun, aplikasyon lalwa ak swen sante.

### **Enfòmasyon sou Biwo Sèvis pou Viktim Eta New York**

Biwo Sèvis pou Viktim nan ([www.ovs.ny.gov](http://www.ovs.ny.gov)) bay yon liy sekirite pou moun ak/oswa fanmi yo ki te viktim krim san se pat fòt yo e ki pa gen okenn lòt mwayen asistans. Ajans lan ka peye fakti medikal, fakti dantè ak fakti sante mantal, salè ki pèdi ak sipò, ak depans pou tonb ak antèman, pami lòt kalite asistans. Konpansasyon an finanse pa amann, frè ak sichaj ke sèten agresè ki kondane peye nan tribinal eta ak federal yo, se pa lajan kontribyab yo.

###

W'ap jwenn lòt nouvèl ki disponib sou sitwèb [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Ekzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418